

**Tugire Amahoro,**

**Tugire Amahoro, Ubumwe, Ibikorwa n'Iterambere rirama kandi ridakumira Urwaruka mu Gihugu cacu.**

1. Imbere ya vyose, munkundire dutangure gushimira Imana Mushoboravyose yo yatugejeje iki gihe, ikadushoboza no guhurira hano kuri uyu musu uri hejuru aho turiko dutanguza icese ibikorwa vy'ihuriro ry'Urwaruka rigira gatanu ryatunganijwe ku rwego rw'Igihugu ku civugo: **«UMWE WESE KU CO ASHOBOYE, DUKORE TWESE».**
2. Imbere y'uko twinjira mw'ido n'ido nyezina rya runo rubanza, tubanje kwipfuriza ikaze abatumire mwese mwaje muserukira inzego zitandukanye zirongoye igihugu, Abagize Reta y'Uburundi, Abatowe n'Abenegihugu haba ku rwego rw'Inamanshingamateka canke Nkenguzamateka mu Ntara ya Gitega, tutibagiye abatumire bahire na cane cane Urwaruka rw'Imboneza rutandukanye rukoraniye muri kino kibanza.

Kuba mwashoboye kwitaba ibikorwa vy'iri hwaniro, ni ikimenyesho kidaseswa kuri twebwe c'ikibanza kidasanzwe muha ibijanye no guteza imbere igisata c'urwaruka mu gihugu cacu.

3. Namwe Rwaruka,

Uyu mwanya ni gwanyu, mutangure ibikorwa muzi neza ko mufise ibakwe ridasanzwe kubona mwatowe mu bandi ngo mubaserukire mu bikorwa nk'ibi.

Kuri twebwe, ntidukekeranya ko iri huriro ari akaryo keza ko kwirimbura, kwungurana ubumenyi, guhanahana amakuru n'ivyiyumviro ku bijanye no gukomeza, hamwe no guteza imbere urwaruka mu bisata vyose vy'ubuzima ata na kimwe gisigaye inyuma.

- **Banyakwubahwa Mwese;**
- **Batumire Bahire;**
- **Namwe Rwaruka;**

4. Ibiharuro vyavuye muri rudasuma rw'Abenegihugu rwabaye mu mwaka w'i 2008, vyerekanye ko ibice mirongo itandatu na bitandatu kw'ijana (66%) vy'Abarundi bigizwe n'Urwaruka ruri musu y'imyaka mirongo ibiri n'itanu (25).

Bica vyumvikana neza y'uko ata mugambi n'umwe werekeye kwubaka igihugu c'Uburundi giteye imbere woza usiga inyuma canke ngo wirengagize urwaruka kandi ari rwo Burundi bw'uno musu n'ejo hazoza, rukongera rukaba ishimikiro ry'iterambere hamwe na kazoza keza k'igihugu.

5. Guhuza rero urwaruka ni umwitwarariko udasanzwe kuri Reta, nakare ni Reta mvyeyi itegerezwa kwitwararika ibibondo na cane cane mwebwe mukiri bato, mwebwe mugikeneye uwubereka umwonga uhuma n'uwudahuma, mwebwe mugikeneye uwubafata ukuboko.

6. Basokuru barayamaze ngo: *”Uwanka agakura abaga umutavu”* kandi ngo n’ *”Izija guhona zihera mu ruhongore”*.

Ni muri iyo ntumbero mu migambi yose ya Reta, yaba iyiriko irashirwa mu ngiro canke iyisanzwe yarategekanijwe, ibikorwa vyerekeye guteza imbere urwaruka bitigera bihara. Ni vyo dushaka ko mumenya kugira mumenye ico mukora.

7. Iri hwaniro ry’urwaruka rije kwunganira umwiherero udasanzwe w’urwaruka rukurira abandi mu buhinga n’ubumenyi ryabaye mu kwezi kwa Gitugutu, ku magenekerezo ya 27 na 28 mu mwaka uheze, rikaba ryaravuyemwo ingingo zitari nke zituma tuva kuri wa muzirikanyi usinziriye zikaduha umuzirikanyi ukanura, natwe tukabona iyo twerekeza.

Izi nama rero ziratuma na Reta ibona igikwiye gukorwa kuko namwe rwaruka muba mwabishizemwo uruhara nakare uwukunyegeza ivyawe aba ariko yimba aguhisha ivu.

8. Ni izo nama rero zatumye reta ifata ingingo zitari nke zo gusahiriza urwaruka nkuko gwama gwabisavye.

Muri iyo ntumbero, Reta yanatanguje ku mugaragaro, kw’igenekerezo rya 15 Ndamukiza 2020, Ibanki ijejwe gusahiriza urwaruka ruhurikiye mu mashirahamwe kugira rushobore kurangura imigambi y’iterambere mu kururonsa ingurane itavuna.

9. Reta kandi yaraye itunganije umugambi wo gushigikira urwaruka mu migambi yarwo y'iterambere kugira ngo itere intege urwaruka rufise imigambi itaraja mu ngiro kubera amikoro make.

Uwo mugambi ukaba uzotwara imiliyaridi zishika mirongo ine n'umunani (48.000.000.000 Fbu), mbere n'abawurongoye bakaba baraye bagenywe muri mwebwe nyene urwaruka.

10. Si ivyo gusa, kugirango tunagure umwete w'ibikorwa vya Reta, twarafashe ingingo yo gutuma, mu bisata vy'ubuhinga bisaba ububangutsi, urwaruka rwo rukibasha kandi tukaba dushima umurindi bazananye wo gukunda ibikorwa no kugwanya isesagurwa ry'ubutunzi.

Turabakengurukiye cane kandi tubasaba kudatezura ngo mugabanye umurindi kuko iterambere ni ugusiganwa, ni ukugira umuvuduko n'umurindi nyawo.

11. Turateye akamo rero urwaruka rwose, aho ruri hose, na canecane mwebwe mwitavye ibikorwa vya rino huriro, gukura amaboko mu mpuzu, mukitabira ibikorwa vy'iterambere, mukaja mu Mashirahamwe n'Amakoperative yo kwiteza imbere.

Reta" Mvyeyi", Reta" Nkozi" turongoye ntaco itazokora kugira na ntaryo yame ibashigikira mwebwe rwaruka mu Migambi Mikuru Mikuru yose Igihugu cashize imbere.

12. Icipfuzo cacu ni uko ku mutumba umwe umwe wose wa rudasuma, hoboneka Amashirahamwe y'Urwaruka ashobora gutanga akazi n'imiburiburi ku bantu bari hagati ya mirongo itatu na mirongo itanu (30-50), gutyo, mu gihe gito tuze dusange ata numwe mu rwaruka atari ku kivi.

Ibikorwa ntibibuze, ni muvuyire ishaka n'umwete, nta nkeka ubukene buduhanze buzosendwa.

- **Banyakwubahwa Mwese;**
- **Batumire Bahire;**
- **Namwe Rwaruka;**

13. Icyivugo c'iri huriro kirerekana neza ingendo nshasha urwaruka rutegerezwa kugira:  
**« UMWE WESE KU CO ASHOBOYE, DUKORE TWESE »**

Ivyo tubivuga tubizi kuko Igihugu cubakwa kandi kikongera kigatezwa imbere na beneco. Ntituje ng'aho ngo turyame umukondorazosi twibwira y'uko hari umunyamahanga azoza kutwubakira igihugu cacu. None ko uwuza gutera ubureza abwibanza, uwo munyamahanga tworindira, yarahamvye ubukene? Iwe nta muvukanyi arara atubitse?

Icari caratunyoshe zari indyane mu Barundi none twaragikuye mu nzira, turasubira ku murongo, ubu turazi umwansi dusigaranya ni **UBUKENE**.

Urugamba dufise ni urwo kugwanya uwo mwansi, ubukene, kandi nta nkeka tuzomutsinda.

## **TURI KUMWE TWESE BIRASHOBOKA**

- **Banyakwubahwa Mwese;**
- **Batumire Bahire;**
- **Namwe Rwaruka;**

14. Ndabivuge ndabisubire, ubukene ni umwansi mubi. Ahari ubukene harangwa n'inzigo, harangwa n'ishari; niho ugwanko rubarizwa. Nico gituma ubukene ari akaranda.

Ubukene ni inyankaburundi, umukene ni karyanishamiryango.

Erega ahari ubukene hama umuryano kuko abasangiye ubusa bitana ibisambo. Kanatsinda, twese turabizi ko aharaye inzara hazinduka inzigo; inzigo nayo ikaba iguteranya n'umugenzi.

Ubu rero ikibazo kiduhuza twebwe abarundi ni ingene twokwikurako uwo mwansi.

Ko dusangiye umwansi, ico kibazo nikiduhuze, tuje hamwe, umwe wese azane intererano yiwe, gurtyo twivune uwo mwansi.

15. **Ikigwanisho cambere ni ugutunganya abemeye kugwana urugamba.**  
Ngaha ndemeza neza ko ata numwe atankana n’ubukene, kandi nta numwe atipfuza ko bwomuvako. Aha rero twamaze kuba abagenzi kuko umwansi w’umwansi wawe niwe mugenzi kuko duhanzwe na kamwe; dusangiye ugupfa no gukira.  
Nico gituma kuri urwo rugamba atawukwiye kwigira sindabibazwa kuko usamaye inda yoyo ntisamara, irakwishuza.
16. **Ubugira kabiri, umwasi yitwa ubukene agwanywa n’urunani mu bikorwa.**  
Tumenye umwansi uwo ari we: ubukene si ukubura imfungurwa gusa. Ubukene ni ukudashobora kuronka ivyo umubiri wawe ukeneye kugira ubeho.  
Muri ivyo hariho kubura ivyo ufungura ubwambere, ni vyo, kubura aho ukika umusaya, wagwara ukabura ingene wivuza. Ndetse no kugwaragurika ni ikimenyetso c’ubukene.  
Ubukene ni ukubura ico wambara, bikakunanira no gukingira umubiri wawe; muri make, uwukenye apfa yipfuza.
17. **Umuntu rero kubera yaremanywe ubwenge bwo kwipfuza, yama ariko ararondeza icomukiza. Icomukiza naco kiri mu nzira zibiri: inzira ya mbere ni mbi, ni ugushaka gukira uciye mu bukozi bw’ikibi, mu gusahura ivy’abandi mbere no mukwikiza abandi ngo ibihari ntimubisangire.**

Inzira ya kabiri ni ibikorwa. Ibikorwa Bizana umuhezagiro kuko nibwo butumwa Imana yahaye umuntu kw'isi. N'Imana yavuze iti: “Nzohezagira ibikorwa vyawe, uzorima wimbure, wuzuze ibigega”.

Ntihagire rero kuva ubu uwuzosubira kurya indya idahezagiye kuko na Paul yaravuze ati: “ Kuva ubu niwasiba gukora, ni ukurya, nturye”.

Ni co gituma, kugira tuzorye indya isengeye, aha twaje guhanahana ivyiyumviro no gusuma ubwenge bwo kwiteza imbere, tukava mu buja bw'ubukene tukaja mu mwidegemvyo w'ubuzima.

- **Banyakwubahwa Mwese;**
- **Batumire Bahire;**
- **Namwe Rwaruka;**

18. Ico ni co kiri mu mvo zatumye duhuza urwaruka rwose rwo mu mihingo yose y'igihugu kugira twungurane ubumenyi, twumve igikijije abandi natwe tubone kwigira inama kuco twokora.

Ndizeye ko mu bari ngaha atawuzova aha avuga ati nzotungwa no gusega canke kwiba ivy'abandi.

Aha ico tuzoharahura ni ubwenge bw'ubuzima kuko nico catuzanye.

19. Icacatatu, mukugwanya ubukene si ukurabira ku wundi kandi si uguta umwanya mu gusamara. Ni ugushiruka ubute, ukaraba imbere yawe kuko uwutambana na mukeba ntakubita urugohe.

Umwe wese ategerezwa kugira ico akoze kandi ashobora. Niwishinga ngo uzorabira ku bandi, umwanya wo kubaraba uzoba wacerewe. Igire inama, uteke umutwe hanyuma wamukemwo ikintu c'ingirakamaro.

Ni wavumbura iki ukagikora, uwundi akavumbura ikindi akagikora, tuzohuriza hamwe tube magiriranire kuko ivyo dukeneye biri ubwoko bwishi, nabivuze.

20. Umurimyari narime, umwubatsi yubake, umucuzi acure, umuvuzi avure, umuvumbi yegeke. Umwimbu w'ivyo vyose niko kugwanya bwa bukene.

Iri bakwe twaronse rero tukaza ngaha ntaturipfise ubusa, ngo dutahe twikoreye inconco.

Uwaje ngaha wese ategerezwa gutaha yungutse.

21. Muri mwebwe harimwo abanyeshuri bohava bavugaga ngo none jewe nzohakura iki ko nkiri ku ntebe y'ishuri.

Nawe ntugonanwe, ahubwo ni wewe wokurahura kuko uzohakura amerekere, intumbero y'iyi uja, uce umenya ubuhinga ukurikirana kugira uzaronke ico ukora uhejeje amashuri.

Mugumize ku muzirikanyi ko ubu mutiga ngo muze gusaba akazi muri Reta. Reta ibigisha kugira mumenye ubuhinga buzobafasha kurema akazi.

Muri iyo ntumbero, Reta itanga umutahe munini nico gituma uhejeje amashule ataco ushoboye uba uhombeje igihugu. Ntaho vyoba bitaniye no kuvyara ntutume, biratera agahinda. None reta ikwigishije ntihagire ico ukorera abenegihugu cobateza imbere, ni nko kuvyara ntutume.

22. Ndabahamagriye rero mwese gukurikira ibizovugirwa ngaha n’umwete mwishi, n’umutima ubikunze.

Iri huriro rize ritubere icibutso kuko tuzovuga ko vyose vyatanguriye aha, kuri uno musu. Ntibikwiye ko akaryo nkaka koba impfagusa, twoba twaje kuvoma, tukavomera mukiva.

- **Banyakwubahwa Mwese;**
- **Batumire Bahire;**
- **Namwe Rwaruka;**

23. Ntitworangiza tutabatekereye impanuro mutegerezwa kwisunga na ntaryo:

- Musanzwe muzi ko amagara ari amazi aseseka ntibayore. Ntagihugu gishobora gutera imbere abenegihugu ari ba magonyagi.

**Muri kino gihe isi yose yugarijwe n'ikiza karanda ca korona virusi, mukaba muzi ko na hano iwacu catwinjiranye; mwitwararike cane kwikingira no gukingira abandi nk'uko twama twabibahimirije;**

- **Hariho n'uwundi mugera wihwenyaritse nkuko umengo ntaco uvuze kuko wica utevye. Mwirinde umugera wa SIDA, nayo ni umwansi w'iterambere kuko ushitse mu Rwaruka urasasika. Mwirinde rero ubuhumbu, kuko niyo nzira ikomeye cane cane ucamwo. Ndetse n'ubwo buhumbu nyene ni bwo busamaza, bugatesha ikivi abafise ingoga zo gukora.**
- **Tugiye mu bikorwa vyo kugwiza umwimbu, tubandanya duhamagarira Abarundi bose cane cane mwebwe rwaruka, gukorera hamwe mu makoperative, mu mashirahamwe, mumenye ko “ishiga rimwe ritarika” kandi ko “inkingi imwe itagira inzu”;**
- **Kuruhande rwa Reta mwanshinze kurongora, ntaco itazokora kugira iteze imbere Abenegihugu, cane cane mwebwe rwaruka. Izokwama ibumviriza kugira ibasahirize mu vyo mudashoboye.**

**Nimuje ku kivi rero gurtyo irya banki yanyu ntimuyirabe nk'inzu y'umwishwa, mutunganye imigambi neza maze muyinjire mugororotse musabe ingurane na canecane ko inyungu babaronderako zitavuna.**

**Ni mukwakwanye kuko “uwushaka kugabana arazinduka” kandi mumenye ko “uwugutanze gukaraba agutanga no kubega”;**

- **Muri kino gihe c’iterambere ry’ubuhinga ngurukanabumenyi, urwaruka rwinshi rurasamazwa cane n’ibica kuri iyo mihora eka mbere bamwe bagashobora no kuhandurira ingeso mbi bivanye n’ivyo baraba canke basoma; muhagabire rero mumenye gutandukanya icatsi n’ururo, abatahura ibintu kurusha abandi babasigurire bongere babereke ibishobora kubahuvya.**

**24. None rero, mu gusozera rino jambo ndashimiye bimwe vy’imvamutima abatunganije rino huriro, na mwebwe mwese batumire bahire na cane cane Urwaruka rw’Imboneza rwitavye ubutumire ruturutse mu misozi n’uducimbiri dutandukanye two mu Ntara zose zigize igihugu ciza cacu c’Uburundi, twongera tunabasaba gutanga intererano ku neza yanyu n’iy’Igihugu cabibarutse.**

**25. Turizeye dutakekeranya ko ibizova mu nyigisho, mu biganiro bizotangwa n’abahinga batandukanye muri rino huriro bizogira ico bifashije mu bijanye n’ubuzima bw’urwaruka rwacu rwo mushinge n’ishingiro ry’iterambere ry’Igihugu cacu.**

26. Ni kuri aya majambo turangirijeko twemeza ko dutanguje icese ibikorwa vy'ihuriro rigira gatanu ry'Urwaruka ryatunganijwe ku rwego rw'Igihugu ku civugo: « **UMWE WESE KU CO ASHOBOYE, DUKORE TWESE** ».

**Niharambe Ishirahamwe ry'Ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko,**

**Nihahangame Igihugu cacu c'Uburundi,**

**Nihahangame Urwaruka rw'Uburundi,**

**Imana Mushoboravyose Ibahezagire,**

**Murakoze.**